

Non: _____



New York State Testing Program

**Nivo Elemantè
Egzamen Syans**

Klas 5

Prentan 2026

RELEASED QUESTIONS

Nivo Elemantè Egzamen Syans



KONSÈY POU PASE EGZAMEN AN

Men kèk ide k ap ede w bay pi bon pèfòmans ou:

- Asire w ou pran san w pou w li enstriksyon yo.
- Pran san w pou w li chak kesyon.
- Reflechi sou repons lan anvan w fè chwa w la oswa ekri repons ou a.
- Asire w ou li tout enfòmasyon yo bay pou chak kesyon.
- Dyagram ki nan tèks la pa trase nan echèl sof si yo te note otreman.
- Ou gen yon règ ak yon kalkilatri pou w itilize nan egzamen an si l ap ede w reponn kesyon an.

Baze repons ou pou kesyon 1 rive nan 4 sou enfòmasyon ki pi ba yo ak sou konesans ou nan syans.


Limyè Solèy ak Limyè Zetwal

Sistèm solèy nou an egziste nan galaksi Lavwa Lakte a. Gen anviwon 100 milya zetwal nan Lavwa Lakte a epi Solèy la se youn nan yo. Solèy la se sèl zetwal ki nan sistèm solèy nou an. Solèy la responsab pou anpil modèl ak evènman ki rive sou Latè.

1

Limyè solèy la pèmèt objè yo vizib sou Latè. Nan chwa yo, mete yon flèch nan *chak* kare pou konplete modèl la pou w montre bon chemen limyè a ki pèmèt yon pano arè parèt. [1]


Modèl Chemen Limyè a







Done ki pi ba yo montre kèk enfòmasyon sou lonbray limyè solèy la fòme pou yon pano arè ki mezire 2.0 mètrè nan Rochester, Nouyòk, nan dat 23 septanm 2023.

Lè Jounen an	Longè Lonbray Pano Arè a la (m)
8:15 a.m.	8.63
10:45 a.m.	2.67
1:15 p.m.	1.89
3:45 p.m.	3.02
6:15 p.m.	13.21
8:45 p.m.	Okenn

Direksyon ak longè lonbray pano arè 2.0 mètrè la pou 10:45 a.m. reprezante nan dyagram ki pi ba a.



2 Ki dyagram ki pi byen reprezante direksyon ak longè lonbray menm pano arè a lè 1:15 p.m.?



Tablo done ki pi ba a montre kèk enfòmasyon sou lè solèy leve ak lè solèy kouche nan Rochester, Nouyòk, nan dat 23 septanm 2023.

	Lè Jounen an
Solèy leve	6:58 a.m.
Solèy kouche	7:07 p.m.

3

Ki tablo ki idantifye kantite limyè lajounen (èdtan ak minit) nan Rochester, Nouyòk nan dat 21 desanm 2023 ak 20 jen 2024?

A

Mwa	Limyè lajounen
Desanm	8 èdtan 59 min
Jen	15 èdtan 24 min

B

Mwa	Limyè lajounen
Desanm	15 èdtan 24 min
Jen	8 èdtan 59 min

C


Mwa	Limyè lajounen
Desanm	12 èdtan 9 min
Jen	11 èdtan 51 min

D

Mwa	Limyè lajounen
Desanm	11 èdtan 51 min
Jen	12 èdtan 9 min

Aprè solèy la fin kouche, gen kèk zetwal ki vizib nan syèl la lannuit. Modèl ki pi ba a montre diferan gwoup zetwal (konstelasyon) ki vizib nan syèl lannuit nan Rochester, Nouyòk pandan Latè ap vire otou Solèy la.

Modèl Konstelasyon yo



4

Nan chwa ki pi ba yo, mete **yon** non konstelasyon ki kòrèk nan *chak* kare pou endike konstelasyon ki ta vizib nèt e ki **pa** vizib depi Rochester, Nouyòk nan mitan lannuit 21 mas la. [1]

Vizib

Pa Vizib

Chwa Konstelasyon yo:

Jemo

Balans

Pwason

Sajitè

Vyèj

Baze repons ou pou kesyon 5 rive nan 9 sou enfòmasyon ki pi ba yo ak sou konesans ou nan syans.

Mineral nan Eta Nouyòk

Yo jwenn yon varyete mineral nan Eta Nouyòk. Yo ekstrè epi yo retire anpil mineral nan fòmasyon wòch yo. Yo itilize yo nan endistri, konstriksyon, òdinatè, medikaman ak bijou.

Nan kad yon etid, yon pwofesè te bay elèv yo senk echantiyon mineral diferan yo ka jwenn nan Eta Nouyòk. Elèv yo te itilize ekipman sekirite ki apwopriye epi yo te suiv pwosedi sekirite yo pandan y ap fè obsèvasyon ak tèl sou mineral sa yo pou jwenn pwopriyete yo. Obsèvasyon yo parèt nan tablo ki pi ba a.

Mineral nan Eta Nouyòk ak Pwopriyete ki Obsève yo

Mineral	Koulè	Tras (koulè an poud)	Dite	Reflektivite Sifas	Fòm Kristal
kalsit	transparan/ anpil koulè	transparan/blan	3	ki pa metalik	kibik
grena	wouj-mawon	transparan	7	ki pa metalik	kibik
alite	transparan/ blan/gri	transparan/blan	2-2.5	ki pa metalik	kibik
ematit	wouj-mawon	wouj-mawon	5-6.5	ki pa metalik	egzagonal
talk	blan tankou pèl	blan	1	ki pa metalik	pa ka obsève


5

Ki obsèvasyon mineral ki ta ka *alafwa* itilize pou jwenn yon echantiyon talk ki diferan de kalsit oswa alit?

- A dite ak fòm kristal
- B tras ak fòm kristal
- C dite ak reflektivite sifas
- D tras ak reflektivite sifas

6


Modèl la reprezante fason twa pwopriyete ka itilize pou klase mineral sa yo. Zòn sipèpoze yo montre pwopriyete pataje. Baze sou pwopriyete yo montre nan *Mineral Eta Nouyòk ak Pwopriyete ki Obsève yo*, mete non **kat** nan mineral yo nan chwa ki pi ba yo nan kare ki kòrèk yo nan modèl la. [1]



Aprè sa, elèv yo te chèche konprann fason vinèg afekte mineral sa yo. Yo te mete nan bokal menm kantite nan chak mineral ak menm kantite vinèg.

Elèv yo te fè yon modèl, jan yo montre l pi ba a, pou montre rezilta envestigasyon an.


Modèl Rezilta Envestigasyon an




7

Ki graf ki montre kòrèkteman mas total kontni de nan bokal yo nan *Modèl Rezilta Envestigasyon an*?


A




C



B



D



8

Yon elèv te di youn nan bokal te montre prèv melanj sibstans yo te lakòz yon nouvo sibstans. Idantifye nimewo bokal a kote yon nouvo sibstans te fòme. Apre sa, idantifye prèv ki nan modèl la ki sipòte chwa w la. [1]

Nimewo bokal: _____

Prèv nan modèl la: _____

9

Ki prèv ki idantifye yon egzanp kapasite pou melanje kòrèkteman?

- A Alit la pa vizib nan vinèg la.
- B Moso kalsit yo te tonbe nan fon bokal.
- C Moso ematit yo te vin pi awondi.
- D Moso grena yo te gen yon ogmantasyon nan reflektivite.

Sèvi ak enfòmasyon ki anba a ak sa ou konnen nan syans pou ou reponn kesyon 10 rive nan 13.

Lou nan Pak Nasyonal Yellowstone

Nan ane 1800 yo, yo te souvan jwenn lou soti nan rejyon frèt Aktik yo rive nan Meksik. Nan kòmansman ane 1900 yo, prèske pa t gen lou Ozetazini akòz yo pèdi anviwònman yo epi lachas lèzòm.

An 1973, yo te mete lou nan nò Mòn Rocky yo sou lis espès k ap disparèt. Kòm yon solisyon, yo vin mete lou ankò nan Ekosistèm Gran Yellowstone nan. Ant 1995 ak 1997, yo te lage 41 lou sovaj ki soti nan lòt zòn nan Pak Nasyonal Yellowstone.

Lou se bèt ki trè sosyab. Yo manje yon plizyè varyete bèt, ni gwo ni piti. Yo kwaze nan mwa fevriye, epi femèl yo fè an mwayèn senk ti pitit nan mwa avril.

Nan fen ane 2022 a, te gen 108 lou nan Yellowstone. Lou sa yo te viv nan 10 gwoup diferan, chak gwoup te gen ant 4 a 25 lou.

- 10** Ki reyalite ki **pa** sipòte agiman ki di fè pati yon gwoup lou ede manm yo siviv?
- A** Moun se prensipal koz lanmò lou andeyò Pak Yellowstone.
 - B** Yo bay ti lou ki fèk fèt manje ak pwoteksyon.
 - C** Lou yo chase epi touye gwo bèt yo.
 - D** Rejyon kote lou yo ap viv yo pwoteje kont lòt lou yo.

Nan Yellowstone, apeprè mwaye nan lou yo gen koulè nwa, epi lòt mwaye a gen koulè gri.

Etid ki fèt sou lou sa yo montre sa ki anapre yo:

- Lou ki gen koulè gri yo pi agresif pase lou ki gen koulè nwa lè yo rankontre ak lòt gwoup lou.
- Gwosè pòte lou gri yo yon ti kras pi gwo pase gwosè pòte lou nwa yo.
- Lou souvan chwazi patnè ki gen koulè ki diferan an.
- Yon pi gwo pousantaj lou ki gen koulè nwa yo siviv anba kèk maladi pase lou ki gen koulè gri yo.

Lou Gri ak Lou Nwa nan Yellowstone




11

Ki deklarasyon ki rezime kòrèkteman sa etid yo te jwenn lè yo te konpare lou ki gen diferan koulè po?

- A Lou yo gen karakteristik anviwònman an ka enfluyans.
- B Varyasyon nan karakteristik lou yo ka bay yo avantaj pou yo siviv ak repwodwi.
- C Lou yo pran karakteristik yo nan men paran yo, epi varyasyon karakteristik sa yo egziste nan yon gwoup.
- D Fason anndan lou yo fèt pèmèt yo siviv, grandi, epi repwodui avèk siksè.

Modèl rezo alimantè enkonplè ki pi ba a montre kèk enfòmasyon sou relasyon alimantè nan Pak Nasyonal Yellowstone.

Rezo Alimantè Pak Nasyonal Yellowstone





12

Idantifye **yon** sous manje pou sèf ke blan nan Pak Nasyonal Yellowstone. Apre sa, dekri fason sous manje sa a t ap afekte si popilasyon sèf ke blan an ta chanje lè yo te entwodui plis lou nan pak la. Mete yon rezon pou chanjman sa a nan deskripsyon w lan. [1]

Sous manje: _____

Efè sou sous manje a: _____

Grafik ki pi ba yo montre kèk enfòmasyon sou kantite lou ak wapiti yo jwenn nan zòn nò Pak Nasyonal Yellowstone depi yo te vin mete lou yo ankò nan pak la an 1995.



13


Ki prèv nan graf yo ki sipòte deklarasyon ki di lou yo depann sou wapiti pou siviv nan Pak Nasyonal Yellowstone?

- A Soti nan 2010 rive 2017, popilasyon lou ak wapiti yo te diminye, apre sa yo te ogmante.
- B Popilasyon lou ak wapiti yo te ogmante ant 2005 ak 2006.
- C Soti nan ane 2000 rive 2004, kantite lou te ogmante pandan kantite wapiti te diminye.
- D Lè te gen plis lou se te an 2004 ak 2008, alòske lè te gen plis wapiti se te an 1995 ak 2000.

Sèvi ak enfòmasyon ki anba a ak sa ou konnen nan syans pou ou reponn kesyon 14 rive nan 18.

Pataj Enfòmasyon

Moun kominike pou pataje enfòmasyon ak lòt moun, pou ekspri bezwen yo epi pou kenbe amitye. Pandan tout listwa, moun toupatou sou latè te kreye epi itilize diferan metòd kominikasyon. Tablo ki pi ba a dekri kèk nan metòd sa yo.

Metòd	Deskripsyon	Egzanp
Siyal tanbou	Sistèm ki itilize diferan konbinezon son sou yon tanbou.	
Kòd Morse	Sistèm ki itilize son long ak kout, limyè ki flache long oswa kout, oubyen pwen ak tirè, pou reprezante lèt ak chif.	
Telefòn fil ak bwat	Sistèm ki pèmèt yon moun pale nan yon bwat nan yon bout epi pou yo tande l atravè bwat la nan lòt bout la.	

(Rès Tablo a)

Metòd	Deskripsyon	Egzanp																																																																				
Lang siy	Sistèm ki itilize mouvman men pou reprezante lèt ak mo.	Èd Fin Plis Jwe																																																																				
Kòd binè	Sistèm ki itilize 0 ak 1 pou reprezante lèt yo, chif, ak senbòl yo itilize nan òdinatè ak telefòn selilè.	<table><tr><th>Chif</th><th>Binè Kòd</th><th>Chif</th><th>Binè Kòd</th></tr><tr><td>0</td><td>0</td><td>16</td><td>10000</td></tr><tr><td>1</td><td>01</td><td>17</td><td>10001</td></tr><tr><td>2</td><td>10</td><td>18</td><td>10010</td></tr><tr><td>3</td><td>11</td><td>19</td><td>10011</td></tr><tr><td>4</td><td>100</td><td>20</td><td>10100</td></tr><tr><td>5</td><td>101</td><td>21</td><td>10101</td></tr><tr><td>6</td><td>110</td><td>22</td><td>10110</td></tr><tr><td>7</td><td>111</td><td>23</td><td>10111</td></tr><tr><td>8</td><td>1000</td><td>24</td><td>11000</td></tr><tr><td>9</td><td>1001</td><td>25</td><td>11001</td></tr><tr><td>10</td><td>1010</td><td>26</td><td>11010</td></tr><tr><td>11</td><td>1011</td><td>27</td><td>11011</td></tr><tr><td>12</td><td>1100</td><td>28</td><td>11100</td></tr><tr><td>13</td><td>1101</td><td>29</td><td>11101</td></tr><tr><td>14</td><td>1110</td><td>30</td><td>11110</td></tr><tr><td>15</td><td>1111</td><td>31</td><td>11111</td></tr></table>	Chif	Binè Kòd	Chif	Binè Kòd	0	0	16	10000	1	01	17	10001	2	10	18	10010	3	11	19	10011	4	100	20	10100	5	101	21	10101	6	110	22	10110	7	111	23	10111	8	1000	24	11000	9	1001	25	11001	10	1010	26	11010	11	1011	27	11011	12	1100	28	11100	13	1101	29	11101	14	1110	30	11110	15	1111	31	11111
Chif	Binè Kòd	Chif	Binè Kòd																																																																			
0	0	16	10000																																																																			
1	01	17	10001																																																																			
2	10	18	10010																																																																			
3	11	19	10011																																																																			
4	100	20	10100																																																																			
5	101	21	10101																																																																			
6	110	22	10110																																																																			
7	111	23	10111																																																																			
8	1000	24	11000																																																																			
9	1001	25	11001																																																																			
10	1010	26	11010																																																																			
11	1011	27	11011																																																																			
12	1100	28	11100																																																																			
13	1101	29	11101																																																																			
14	1110	30	11110																																																																			
15	1111	31	11111																																																																			

14

Idantifye **de** metòd kominikasyon ki itilize yon modèl pou pataje enfòmasyon. Sèvi ak prèy ki nan tablo a pou sipòte chak chwa. [1]

Metòd 1: _____

Prèy: _____

Metòd 2: _____

Prèy: _____

15

Avèk enfòmasyon ki nan tablo a, ki deklarasyon konsènan enèji yo itilize pou telefòn fil ak bwat la ki pi egzak?

- A Enèji son an transfere atravè kòd la.
- B Enèji elektrik la transfere atravè fil la.
- C Enèji son an konvèti an enèji elektrik nan fil la.
- D Enèji chalè a konvèti an enèji son nan bwat la.

16

Lè yo itilize siyal tanbou pou kominikasyon, kisa k rive enèji mato a, tanbou a, ak lè ki antoure a lè mato a frape tanbou a?

- A Mato a pran enèji nan tanbou a ak lè ki antoure l la.
- B Mato a ak tanbou a pran enèji nan lè ki nan antouraj la.
- C Mato a pèdi enèji, epi enèji sa a transfere nan tanbou a, men li pa transfere nan lè ki antoure a.
- D Mato a pèdi enèji, epi enèji sa a transfere nan tanbou a epi apre nan lè ki nan antouraj la.

De zanmi ap viv nan bilding ki anfas youn lòt. Yo vle bati pwòp metòd kominikasyon pa yo ki ta pèmèt yo chèche konnen si lòt la disponib pou rankontre deyò a. Yo ka wè epi tandè youn lòt depi nan chanm yo. Pou metòd sa a ka efikas, li dwe respekte kritè ak obstak ki annapre yo.



Kritè:

- kapab transfere enfòmasyon fasilman soti kot yon moun al kot yon lòt
- pa chè
- ka itilize lajounen kou lannuit

Obstak:

- dwe fè silans apre 7:00 p.m.
- dwe rete nan chanm yo
- pa dwe pran anpil espas

Yo pwopoze de metòd diferan:

Metòd 1	Metòd 2
Kòd Morse ak flach 	Siyal tanbou  Tanbou Mato

17


Idantifye metòd ki pèmèt zanmi yo resevwa mesaj nan men youn lòt yon fason *pi* efikas, epi esplike fason metòd sa a pi byen respekte kritè ak obstak yo. [1]

Metòd: _____

Esplikasyon: _____

Patikil lè yo vibre lè yon onn son pase nan yo. Modèl ki pi ba a reprezante mouvman patikil lè yo akòz onn son k ap kite yon bwat epi yon moun tande. Yo ka chanje modèl patikil yo an yon modèl ki gen fòm yon onn.

Onn A reprezante yon elèv k ap pale ak volim vwa nòmal li. Onn B reprezante menm elèv la k ap pale tou ba. Nan toulede egzanp yo, elèv la te pale ak menm ton vwa a.



18

Konpare anplitid ak longedonn Onn A ak anplitid ak longedonn Onn B. Mansyone tou de onn yo nan repons ou yo. [1]

Anplitid: _____


Longedonn: _____

Sèvi ak enfòmasyon ki anba a ak sa ou konnen nan syans pou ou reponn kesyon 24 rive nan 27.

Fòmasyon Siklòn

Siklòn yo fòme apati tanpèt ki pi piti. Enèji chalè nan dlo oseyan cho a lakòz vapè dlo antre nan atmosfè a. Vapè sa a monte epi li refwadi, sa kreye yon sistèm tanpèt ki fòme nyaj. Dlo retounbe sou Latè kòm lapli. Tanpèt la kòmanse vire akòz wotasyon Latè. Pou tanpèt yo vin pi fò, fòk toujou kontinye gen yon rezèv dlo oseyan tyèd. Tanpèt la vire toutotou yon sant, yo rele je a. Van nan yon siklòn gen vitès 74 milyaj pa èdtan (mph) oswa plis. Van ak loraj ki pi fò yo rive nan kwen je a, yo rele miray je a. Pil nyaj lapli yo fè wonn je a.

Foto ki pi ba a montre yon imaj satelit yon siklòn. Gen kèk pati nan yon siklòn ki make. Flèch yo montre modèl van yo ozalantou je a.



Tablo ki pi ba a dekri pwosesis sik dlo ki se kòz oswa efè fòmasyon siklòn. De pwosesis yo make ak chif 1 ak 2.


Pwosesis	Deskripsyon nan fòmasyon siklòn
1	Enèji chalè nan dlo oseyan cho a lakòz vapè dlo antre nan atmosfè a.
2	Vapè dlo a refwadi pandan l ap monte nan lè a, sa fòme nyaj.
presipitasyon	Lapli tonbe sou Latè an seri tanpèt toutotou je siklòn nan.
dlo k ap koule apre lapli	Dlo ki sou sifas Latè ki soti nan loraj ak siklòn yo deplase nan lak ak riviye.

Ki gwoup pwosesis sik dlo ki konplete tablo a kòrèkteman?

- A 1-dlo ki koule anba tè 2-kondansasyon
 B 1-evaporasyon 2-dlo ki koule anba tè
 C 1-kondansasyon 2-evaporasyon
 D 1-evaporasyon 2-kondansasyon


Siklòn Harvey te yon gwo siklòn ki te lakoz glisman teren nan dat 25 out 2017 toupre Rockport, nan Tegzas. Kat ki pi ba a montre trajektwa siklòn nan pandan l ap deplase nan direksyon sant Tegzas epi apre li te deplase nan direksyon lès sou yon etandi dlo. Flèch yo montre wout siklòn nan. Harvey te rete nan fwontyè Tegzas pandan 60 èdtan.

Wout Siklòn Harvey nan Tegzas




Grafik yo montre kèk enfòmasyon sou kondisyon tan an nan Houston, Tegzas nan dènye semèn nan mwa out 2017 la.


Tanperati lè Mwayen nan Houston, Tegzas



Kantite Presipitasyon nan Houston, Tegzas



Vitès Maksimòm van an nan Houston, Tegzas



Baze sou enfòmasyon ki nan graf yo, chwazi **yon** dat nan tablo a kote pi gwo efè siklòn Harvey te anrejistre nan Houston, Tegzas.

Dat

27 out 2017	
28 out 2017	
29 out 2017	

Aprè sa, konplete pasaj ki pi ba a lè w mete tèms ki kòrèk la nan *chak* kare pami chwa yo bay yo. Yo ka itilize tèms yo plis pase yon fwa. [1]

Chwa Mo:

diminye

ogmante

rete konstan

Pasaj



Baze sou modèl ou wè nan graf yo, Siklòn Harvey te lakòz tanperati lè

[] , presipitasyon [] ,

ak vitès van an pou rive nan [] .

Siklon yo anjeneral devlope nan rejyon sid Oseyan Atlantik la olye de rejyon nò Oseyan Atlantik la.

Grafik ak tablo ki pi ba yo montre kèk enfòmasyon sou klima Houston, Tegzas.



Tanperati Sifas Dlo Mwayèn Chak Mwa nan Etandi Dlo a Toupri Houston, Tegzas

Mwa	jan.	fev.	mas	avril	me	jen	jiyè	out	sept.	okt.	nov.	des.
Tanperati (°F)	55.9	57.6	65.0	71.3	77.7	83.5	85.9	86.4	83.3	76.0	65.8	58.8

26

Siklon yo ap vin pi fò sou etandi dlo a toupri Houston, Tegzas. Baze sou enfòmasyon yo bay la, ki deklarasyon ki dekri kòrèkteman rezon ki fè sa rive?



- A Nan fen mwa ete yo, ogmantasyon presipitasyon toupri Houston bay enèji pou transfòme tanpèt yo an siklòn plis toujou.
- B Nan fen mwa ete yo, tanperati dlo sifas la ogmante ase pou bay enèji pou devlopman siklòn yo.
- C Nan sezon prentan, tanperati dlo sifas chak mwa a rive nan pi wo li, sa ki bay enèji pou ede transfòme tanpèt yo an siklòn.
- D Nan sezon prentan an, presipitasyon chak mwa toupri Houston nan nivo ki pi wo, sa bay enèji pou ede transfòme tanpèt yo an siklòn.

Kat jeyografik ki pi ba a montre kote Houston, Tegzas ak Vil Nouyòk ye.

Kat Jeyografik Monn nan



Graf ak tablo ki pi ba yo montre kèk enfòmasyon sou klima Vil Nouyòk.



Tanperati Sifas Dlo Mwayèn Chak Mwa nan Oseyan Atlantik toupre Vil Nouyòk

Mwa	jan.	fev.	mas	avril	me	jen	jiyè	out	sept.	okt.	nov.	des.
Tanperati (°F)	40.6	38.4	41.0	47.7	56.9	66.1	72.1	74.9	72.4	64.4	54.4	46.2

27

Baze sou enfòmasyon ki nan kat ak graf yo, ki deklarasyon ki konpare kòrèkteman kote ak kondisyon klimatik Houston, Tegzas, ak vil Nouyòk?

- A Houston pi pre ekwatè a, li gen tanperati lè ki pi wo nan mwa ivè yo, epi plis presipitasyon nan mwa desanm.
- B Houston pi pre ekwatè a, li gen tanperati lè ki pi wo nan mwa ete yo, epi plis presipitasyon nan mwa jiyè.
- C Vil Nouyòk pi pre ekwatè a, li gen tanperati lè ki pi ba nan mwa ivè yo, epi mwens presipitasyon nan mwa jiyè.
- D Vil Nouyòk pi pre ekwatè a, li gen tanperati lè ki pi ba nan mwa ete yo, epi li gen plis presipitasyon nan mwa desanm.

Sèvi ak enfòmasyon ki anba a ak sa ou konnen nan syans pou ou reponn kesyon 28 rive nan 31.

Pye wobinye

Pye wobinye yo soti nan Amerik di Nò. Yo jwenn yo nan divès kote atravè Etazini. Gen anpil diferan kalite pye wobinye, tankou fevyè amerik la. Yo rele pyebwa sa a konsa akòz sibstans ki sanble ak siwo myèl ki nan gous grenn li yo. Gous grenn dous fevyè amerik yo se yon sous manje enpòtan. Sèf ke blan, lapen, ekirèy ak rena ap manje gous grenn fevyè amerik yo. Sèf yo ap manje ekòs pye fevyè amerik tou nan sezon ivè a lè lòt sous manje yo ra.

Fevye Amerik



Gous Grenn yon Pye Fevyè Amerik



28

Esplike fason gou grenn fevyè amerik yo kontribye nan repwodiksyon pye fevyè amerik yo. [1]

Anpil pye fevyè amerik ki byen devlope gen gwo pikan sou kò yo ak pikan ki pi piti sou branch yo. Se pa tout pye fevyè amerik ki gen pikan. Varyete ki san pikan nan pyebwa sa a gen gous grenn, fèy ak flè menm jan ak varyete ki gen pikan an. Yo souvan plante pye fevyè amerik nan vil yo akòz kapasite yo pou siviv nan move kalite lè ak peryòd sechrès. Grenn ki soti nan pye fevyè amerik ki gen pikan ka grandi pou yo vin pyebwa san pikan. Menm jan an tou, grenn ki soti nan pye fevyè amerik ki pa gen pikan ka grandi pou yo vin pyebwa ki gen pikan.

**Twon Pye Fevyen
Amerik ki Pa Gen Pikan**



**Twon Pye fevyen
Amerik ki Gen pikan**



29

Ki deklarasyon ki dekri yon varyasyon nan yon karakteristik ki egziste nan pye fevyè amerik?

- A Yo souvan plante pye fevyè amerik nan vil yo.
- B Tout pye fevyè amerik gen gous grenn.
- C Gen kèk pye fevyè amerik ki gen pikan.
- D Pye fevyè amerik ka viv nan zòn ki gen move kalite lè.


30

Ki agiman ki sipòte deklarasyon ki di pye fevyè amerik ki gen pikan gen plis chans pou siviv pase pye fevyè amerik san pikan?

- A Pikan ki nan pyebwa sa yo ap pwodui plis manje pou pyebwa a.
- B Pikan pyebwa sa yo ede absòbe plis dlo pou yo grandi.
- C Pikan pyebwa sa yo bay anviwònman pou papiyon ak chen.
- D Pikan ki nan pyebwa sa yo fè li difisil pou manje ekòs pyebwa a.

Wobinye fo akasya se yon pyebwa ki sanble ak fevy amerik la. Kat ki pi ba a montre zòn orijinal kote wobinye fo akasya a te gaye Ozetazini. Zòn sa a te sitou nan Mòn Apalach yo ak Plato Ozark la.

Kategori Orijinal Wobinye Nwa



Distribisyon wobinye nwa a kounye a gaye Ozetazini rive nan Midwès ak Nòdès, ki gen ladan Eta Nouyòk. Pye bwa sa a grandi rapidman epi li grandi an gwoup. Gwoup sa yo diminye tanperati sifas tè a. Gwoup yo diminye tou kantite limyè ki ka rive nan plant ki grandi ba nan savann ak patiraj.

31

Ki gwoup tèm ki konplete pasaj ki pi ba a kòrèkteman?

Entwodiksyon wobinye nwa a nan ekosistèm patiraj Midwès la te kapab ____1____ ogmante kantite zèb ak trèf, sa ki lakòz yon ____2____ ogmantasyon nan kantite wobinye ak chwèt paske wobinye nwa a te kapab ____3____ detwi balans ekosistèm nan.

A

1	ogmante
2	diminye
3	kontrarye

C

1	diminye
2	ogmante
3	amelyore

B

1	diminye
2	diminye
3	kontrarye

D


1	ogmante
2	ogmante
3	amelyore

Sèvi ak enfòmasyon ki pi ba a ak sa ou konnen nan syans pou w reponn kesyon 32 rive nan 35.

Resous Enèji Natirèl


Moun itilize plizyè kalite resous natirèl pou jwenn enèji pou lavi chak jou yo. Petwòl, yo rele tou petwòl ki pa rafine oswa petwòl, se yon gaz fosil ki te fòme sa gen plizyè milyon ane. Li se yon sous gaz enpòtan yo itilize atravè lemond. Yo ka rafine petwòl pou pwodui gazolin ak gaz pou chofaj. Li kapab itilize tou pou pwodui enèji elektrik.

Yo jwenn petwòl nan pòch anba sifas Latè. Foto ki pi ba a montre yon flit petwòl. Flit petwòl rive lè petwòl ki pa rafine koule nan fant natirèl nan fon oseyan an.



Modèl ki pi ba a reprezante pozisyon pòch petwòl la ak flit petwòl la an relasyon ak fon oseyan an. Yo endike direksyon mouvman gout petwòl yo nan oseyan an.

Modèl Mouvman Petwòl nan yon Flit Petwòl




32

Ki de sfè Latè yo montre k ap kominike nan modèl la kòm rezilta flit petwòl sa a?

- A idwosfè ak atmosfè
- B byosfè ak jeyosfè
- C jeyosfè ak idwosfè
- D atmosfè ak byosfè

Fouye lanmè a se yon fason pou jwenn petwòl anba tè nan tè a lè yo fouye nan fon oseyan an kote yo te jwenn pòch petwòl. An 2019, Eta Nouyòk te pase yon lwa ki entèdi yo fouye nan lanmen nan fon oseyan an nan yon distans twa milyaj toutotou litoral eta a.

Dlo Distri Maren ak Kòt Nouyòk la



33

Fouye nan lanmè ka gen enpak negatif sou anviwònman an. Dekri **yon enpak negatif** ki te ka pouse Eta Nouyòk entèdi pou fouye nan lanmè. [1]


Van se yon lòt resous natirèl moun itilize pou bay enèji pou lavi chak jou yo. Yo itilize van pou pwodui elektrisite avèk gwo moulen van yo rele tibin ki mache ak van an. Yon pak ewolyen se yon gwoup tibin ki mache ak van ki nan menm kote a. Foto ki pi ba a montre pak ewolyen Maple Ridge, ki twouve l nan konte Lewis, Nouyòk.



34 Dekri fason pak ewolyen Maple Ridge la ede pwoteje anviwònman an. [1]

Modèl ki pi ba a montre fason yon tibin ki mache ak van fonksyone pou pwodui enèji elektrik.

Modèl Fason yon Tibin ki Mache ak Van Fonksyone



35 Ki kalite enèji tibin ki mache ak van an ap konvèti an enèji elektrik?

- A limye
- B chalè
- C mouvman
- D son

Klas 5
Nivo Elemantè
Egzamen Syans

Prentan 2026

THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK / ALBANY, NY 12234
2026 Elementary-level Science Test Map to the Standards
Grade 5 Released Questions

Question	Type	Key	Points	Performance Expectation	Subscore	Percentage of Students Who Answered Correctly (P-Value)
1	Constructed Response		1	4-PS4-2	PS	
2	Multiple Choice	D	1	5-ESS1-2	ESS	
3	Multiple Choice	A	1	5-ESS1-2	ESS	
4	Constructed Response		1	5-ESS1-2	ESS	
5	Multiple Choice	A	1	5-PS1-3	PS	
6	Constructed Response		1	5-PS1-3	PS	
7	Multiple Choice	B	1	5-PS1-2	PS	
8	Constructed Response		1	5-PS1-4	PS	
9	Multiple Choice	A	1	5-PS1-3	PS	
10	Multiple Choice	A	1	3-LS2-1	LS	
11	Multiple Choice	B	1	3-LS4-2	LS	
12	Constructed Response		1	5-LS2-1	LS	
13	Multiple Choice	C	1	3-LS4-3	LS	
14	Constructed Response		1	4-PS4-3	PS	
15	Multiple Choice	A	1	4-PS3-2	PS	
16	Multiple Choice	D	1	4-PS3-3	PS	
17	Constructed Response		1	3-5-ETS1-2		
18	Constructed Response		1	4-PS4-1	PS	
24	Multiple Choice	D	1	3-ESS2-3	ESS	
25	Constructed Response		1	3-ESS2-1	ESS	
26	Multiple Choice	B	1	3-ESS2-1	ESS	
27	Multiple Choice	B	1	3-ESS2-2	ESS	
28	Constructed Response		1	4-LS1-1	LS	
29	Multiple Choice	C	1	3-LS3-1	LS	
30	Multiple Choice	D	1	4-LS1-1	LS	
31	Multiple Choice	B	1	5-LS2-1	LS	
32	Multiple Choice	C	1	5-ESS2-1	ESS	
33	Constructed Response		1	4-ESS3-1	ESS	
34	Constructed Response		1	5-ESS3-1	ESS	
35	Multiple Choice	C	1	4-PS3-2	PS	

* This item map identifies the Performance Expectation with which each test question is aligned. All NYSP-12SLS Performance Expectations are three-dimensional (<https://www.nysed.gov/sites/default/files/programs/standards-instruction/p-12-science-learning-standards.pdf>). The integration of these three dimensions provides students with a context for the content of science (DCI), the methods by which science knowledge is acquired and understood (SEP), and the ways in which the sciences are connected through concepts that have universal meaning across the disciplines (CCC).